



Òdonans pwoteksyon kont abi

Òdonans PFA (protection from abuse, oswa pwoteksyon kont abi) yo apwopriye pou ka abi fizik, seksyèl oswa sikolojik, depi viktim nan ak defandè a gen youn nan relasyon sa yo:

- ✓ Konjwen kounye a oswa ansyen konjwen
- ✓ Moun ki plase oswa ko te konn plase
- ✓ Patnè entim oswa patnè seksyèl kounye a oswa anvan
- ✓ Fanmi oswa manm fwaye a ki gen youn lyen parante (konsanginite)
- ✓ Fanmi oswa manm fwaye a ki gen youn lyen atravè maryaj youn manm fanmi an
- ✓ Paran-pitit
- ✓ Frè ak sè

Ou ka depoze yon PFA, kèlkeswa laj moun ki konsène yo. Sepandan, si viktim nan poko gen 18 an, yon adilt** dwe depoze li pou viktim nan.



Òdonans pwoteksyon kont vyolans seksyèl

SVPO (sexual violence protection order, oswa òdonans pwoteksyon kont vyolans seksyèl*) yo apwopriye lè viktim nan ak moun ki komèt zak la pa genyen ni pa t janm genyen youn lyen kòm manm menm fanmi, kòm manm menm fwaye oswa kòm patnè entim. Pa egzanp, yo gendwa bay yon SVPO lè viktim nan ak moun ki komèt zak la gen youn nan relasyon sa yo:

- ✓ Youn pa konn lòt
- ✓ Youn konn lòt
- ✓ Zanmi
- ✓ Kolèg travay
- ✓ Vwazen

Ou ka depoze yon SVPO, kèlkeswa laj moun ki konsène yo. Sepandan, si viktim nan poko gen 18 an, yon adilt** dwe depoze li pou viktim nan.



Òdonans pwoteksyon kont entimidasyon

Òdonans PFI (protection from intimidation, oswa pwoteksyon kont entimidasyon) yo apwopriye nan ka asèlman*, lè viktim nan ak moun ki komèt zak la pa genyen ni pa t janm genyen youn lyen kòm manm menm fanmi, kòm manm menm fwaye oswa kòm patnè entim, EPI viktim nan poko gen 18 an, EPI defandè a gen 18 an oswa plis. Yo pa ka bay yon PFI nan ka kote se de minè oswa de adilt ki konsène, oswa lè se youn minè k ap asele youn adilt.

Ou ka depoze yon PFI, kèlkeswa laj moun ki konsène yo. Sepandan, si viktim nan poko gen 18 an, yon adilt** dwe depoze li pou viktim nan.

* Selon definisyon "harassment" ak "stalking" ki nan tit 18 Criminal Code la

** Pou yon adilt depoze l pou youn minè, fok li se paran, gadyen legal oswa youn manm fwaye li.

Nan eta Pennsylvania, gen twa diferan òdonans pwoteksyon sivil ki pèmèt viktim yo benefisye yon soulajman pou moun ki komèt zak la pa menase yo ankò.

Ou ka mande yon òdonans pwoteksyon sivil, kit ou rapòte ensidan an bay lapolis, kit ou pa fè sa. Si w anvizaje mande yon òdonans pwoteksyon sivil, li ka itil si w kontakte pwogram defans kont agresyon seksyèl ak vyolans nan fanmi ki nan zòn kote w rete a, yon òganizasyon ki bay sèvis legal oswa yon avoka pou byen konnen ki opsyon ou genyen.

Feyè sa a pa sipoze ranplase konsèy ou ka jwenn nan men yon pwofesyonèl kesyon legal.



Pennsylvania Coalition Against Rape

125 N. Enola Drive
Enola, PA 17025

1-888-772-PCAR | www.pcar.org



© Pennsylvania Coalition Against Rape 2017.
Tout dwa rezève.

Pennsylvania Coalition Against Rape te resewva sou-sibvansyon n° 26422 nan men Administrative Office of Pennsylvania Courts (AOPC), epi anvan sa, AOPC te resewva l nan men PCCD, atravè yon kontra transfè, e se li ki pèmèt pwøjè sa a egziste. Opinyon, rezilta, konklizyon ak rekòmandasyon ki nan piblikasyon sa a se pou moun ki prepare l yo ye, e sa pa vle di PCCD, AOPC, Depatman lajistis Etazini oswa Office on Violence Against Women gen menm opinyon sa yo.

Opsyon pou òdonans pwoteksyon sivil

nan eta Pennsylvania



Òdonans
pwoteksyon
kont abi



Òdonans
pwoteksyon
kont vyolans
seksyèl



Òdonans
pwoteksyon
kont
entimidasyon

